# Кийиклер үстиртке қайтпақта

Image not found or type unknown

Қазақстан биологиялық көп-түрлиликти қорғаў ассоциациясы Қазақстаннан Өзбекстанға кийиклер көшип өткенин мәлим етди.

Kazinform.kz сайтының хабар бериўинше, Қазақстан биологиялық көп-түрлиликти қорғаў ассоциациясы ҳәм Қазақстан шегара хызмети Қазақстан ҳәм Өзбекстан ортасындағы арнаўлы шегара пунктлери арқалы кийиклер шегараны кесип өткенин тастыйықлаўшы дәлиллерди тапты. 2012-жылдан баслап ассоциация Шегара хызмети ҳәм Тоғай ҳәм жабайы тәбият комитети менен Үстиртке кийиклердиң көшиўине көмеклесиў мақсетинде жумыс алып бармақта. 2015-жылда ассоциацияның усынысына бола шегара хызмети ҳәр километрдеги сым тосықлардың жарым-жартысын алып таслады», -делинеди хабарда.

Ассоциацияның мағлыўматларына көре, соңғы бес жылда биринши мәрте кийиклер Өзбекстан қурамына киретуғын Үстирт платосында бақланды.

Сондай-ақ, усы хабарда бул жаңалық Қазақстан шегара хызмети менен биргеликте еки ел мәмлекетлик шегарасындағы шегара зонасын барып көриў ушын тийкар болды. Солай етип, биз бөгет бойлап 7 пунктте кийик излерин көрдик. Ассоциация бул бағдарда ислеўди даўам еттиреди. Усы жыл шегара хызмети менен биргеликте қосымша тексериўлер өткериў режелестирилмекте.

А.Оразов,

Қарақалпақстан хабар агентлиги